$$-1 \le r \le 1$$

$$r = \left(\sum \frac{X_n}{N_n} - \sum \frac{X}{N}\right) \cdot \sqrt{\frac{N}{N - N_n}} \cdot \frac{N}{\sqrt{N\sum X^2 - \left(\sum X^2\right)}}$$

$\sum X_n$ – barlıq durıs sheshilgen juwaplar jıyındısı bunda $X_n = X_1$

$\sum X$ - barlıq juwaplar jıyındısı $N_n = N_1$

Bul formulada r – diskriminaciya koefficienti, X_1 – test tapsırmasın durıs sheshken sınalıwshınıń birlemshi nátiyjesi, N_1 – test tapsırmaların durıs sheshken sınalıwshılardıń sanı, X – bul test tapsırmanı sheshken qálegen bir sınalıwshınıń juwabı, N –sınalıwshılardıń kólemi. Sonıńday, r koefficient qanshelli 1 ge jaqınlasqan sayın berilgen tapsırma punkti pútkil test tapsırmalarına sonshelli sáykeslenedi. Esaplaw barısında r minus yaǵnıy qarama qarsı mániske iye bolsa onda bunday test tapsırması punktin yaǵnıy testtegi sorawdı tapsırmadan alıp taslaw yaki ornın almastırıw kerek boladı. Egerde test tapsırmasınıń bir punkti hám tapsırmanıń barlıq testleri aralıǵında korrelyaciyanıń bolmawı berilgen test tapsırması salmaǵınıń basqa sorawlarǵa salıstırǵanda ańsat yaki qıyın ekenligin dáliylleydi. Birinshi jaǵdayda test tapsırması sınalıwshılardıń kúshli, ortasha yaki ázzi nátiyjeleri filtr xızmetin atqaradı. Ekinshi jaǵdayda, test tapsırması hesh qanday informaciyalardı bermewi menen diskriminativ koefficienttiń mazmunǵa iye emesligin sáwlelendiredi. Mısal ushın, talabalarǵa Raven Domino testinen 44 tapsırma beriledi. Test tolıq dóńgelekleniwi ushın waqıt shegeralanbaydı. Dáslepki alınǵan nátiyjelerdi tómendegishe dúziw kerek:

Bunda X - birlemshi nátiyjeler (1 den 44 ge shekem); N1 – usı tiykarǵı nátiyjeni alǵan subyektlar sanı; N2 - "eń ańsat" test tapsırmasın sheshken subyektler sanı; N3 - eń "qıyın " test tapsırmasın belgilegenler sanı.

| $X$ | $N_1$ | $N_2$ | $N_3$ |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |

Solay etip eń ańsat hám eń qıyın tapsırmalar ushın diskriminantlıq koefficienti esaplanadı.

Standartizaciya yamasa normal tarqalıw test tapsırmalarında normativ bahalaw kórsetkishlerin alıw imkániyatın beredi. Standartizaciya bul berilgen test balların málim bir ózgeshelikti ólsheytuǵın basqa metodikalardıń nátiyjeleri menen salıstırılatuǵın formaǵa keltiriw bolıp tabıladı. Buǵan kóbinese procentli shkalalar yamasa z-balları tiykarındaǵı shkalalar jaratıw arqalı ólshenedi. Procentli shkalaları-sınalıwshılar tańlanbasın málim muǵdardaǵı bólimlerge bóliw bolp tabıladı. Kumulyativ iymek sızıqqa tiykarlanıp, procent shkalaları mazmunı sınalıwshılar tańlanbasınıń qaysı belgisi berilgen tapsırmadan aspaytuǵın xarakterli mániske iye ekenligin, yaǵnıy bunday xarakterli bahalardı qanday itimallıq menen kútiw múmkinligin kórsetedi. Shkala dúziw algoritminde normal tarqalıw gipotezası tekseriledi. Eger gipoteza biykarlanbasa, itimallıq ózgeriwi maydanı [0, 1] málim muǵdardaǵı bólimlerge bólinedi (4 bólim - kvartil shkala, 10 bólim - onlıq shkala, 100 bólim - procentli shkalanıń ózi). Bólim shegaraları ushın normal tarqalıw kestesinen paydalanıp, tiyisli kvantil tabıladı. Bul kvantil kerekli shkala mazmunı bolıp esaplanadı. Z-bahalaw- standart iyiw birliklerinde shkala bahaların ańlatadı (ortasha kvadratlıq standart iyiw).

Solay etip, psixologiya ilimleri tarawında qálegen metodikalardı milliy ortalıqqa beyimlestiriwde, testler sorawların jergilikli ortalıqqa qayta islewde, eń dáslep matematiko-statistikalıq maǵlıwmatlardıń dáslepki qádemleri, joqarıdaǵı 3 áhmiyetli basqıshtan atlap ótpewimiz kerek boladı.

## Ádebiyatlar


1. Balin V.D., Gayda V.K., Gerbachevskiy V.K. i dr.. Praktikum po obщey, eksperimentalnoy i prikladnoy psixologii. / Pod obщey red. A.A.Krılova, S.A.Manicheva. 2-e izd., dop. i pererab. SPb.: -Piter: –P. 560. il. (Seriya «Praktikum po psixologii.
2. Matematika dlya psixologov: uchebnik / A.N.Krichevets, E.V.SHikin, A.G.Dyachkov; pod red. A.N.Krichevsa. 5-e izd., ster. - M.: «Flinta», 2013.
3. Nasledov A.D. Matematicheskie metodı psixologicheskogo issledovaniya. Analiz i interpretatsiya dannıx [Tekst] : ucheb. Posobie. A.D.Nasledov. 3-e izd. - SPb.: «Rech», 2007. –P. 392. ISBN 5-9268-0275-7.



**REZYUME.** Maqolada rivojlanishning ahamiyati, statistik ma'lumotlarni hisoblash usullari va psixologik texnikaning dolzarbligi batafsil tavsiflanadi. Maqola qoraqalpoq tilida yozilgan uslubiy qo'llanma, psixodiagnostika sohasi bo'yicha dolzarb maqola bo'lib. topshiriqninig qiyinchilik indeksini va chastota tahlilini hisoblashning oddiy misollari keltirilgan va stajer psixodiagnostlar uchun tushunarli bo'ladi. Xom ballarni hisoblash uchun standartlashtirish tushunchasi batafsil tavsiflangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье более подробно описывается важность разработка, методы расчёта статистических данных и актуальность психологических методик. Статья служит методическим пособием, написанным на каракалпакском языке, и ценным учебным пособием по психодиагностике. Приведены простые примеры расчёта индекса трудности заданий и частотного анализа, которые будут понятны любому начинающему психодиагносту. Подробно описана концепция стандартизации для расчета сырых баллов.

**SUMMARY.** The article explains the significance of development, statistical data calculation methods, and the relevance of psychological techniques. It serves as a methodological guide written in Karakalpak and a valuable textbook on psychodiagnosis. The article provides simple examples of task difficulty index calculation and frequency analysis, which will be comprehensible to any novice psychodiagnostician. The concept of standardisation for calculating raw scores is described in detail.


# ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТӘРБИЯ – ҲӘР ТӘРЕПЛЕМЕ РАЎАЖЛАНҒАН ДӨРЕТИЎШИ ИНСАННЫҢ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЛИЎИНИҢ ТИЙКАРЫ


**Т.В.Уразимова –** *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** эстетик тарбия, ахлоқий тарбия, ўз-ўзини тарбиялаш, педагогика, шахсий мотивация.

**Ключевые слова:** эстетическое воспитание, нравственное воспитание, самовоспитание, педагогика, мотивация личности.

**Key words:** aesthetic education, moral education, self-education, pedagogy, personal motivation.


Ҳәзирги ўақыттағы, жәмийет өмириниң барлық тараўларындағы терең өзгерислер жағдайында социаллық қунлылықлардың, қәдириятлардың ҳәм бағдарлардың қайта баҳаланыўы жумыс ислеўдиң гөнерген көз қарасларын, қатнасларын, түрлерин ҳәм метод-усылларын жеңип шығыў жүз береди, ҳәм сонлықтан педагогиканың ҳәм психологияның топланған тәжирийбесине көз қараслар өзгереди. Ҳәзирги заман дүньясында социумдағы өзгерислер, мәденияттағы, билимлендириўдеги, адамлардың қунлылықларындағы өзгерислер менен беккемлене отырып, биринши гезекте жекке инсанның руўхый өмиринен сүйениш табыўы тийис. Адамның ҳәм жәмийеттиң раўажланыўы руўхый тараўдың қәлиплесиўин есапқа ала отырып дөрелиўи тийис ҳәм тек ғана усы жағдайларда адам искерликтиң белсенди дөретиўши субъекти, руўхый байлық-ресурслардың дөретиўшиси ҳәм жаратыўшысы сыпатында раўажланады, өсип жетилиседи.

Ҳәзирги заман жағдайында социумдағы ҳәр қандай, қәлеген өзгерислер, егер олар жекке адамның руўхый өмиринен сүйениш таба алмаса, мәденияттағы, билимлендириўдеги, адамлардың қунлылықларындағы сәйкес келиўши өзгерислер менен беккемленбесе, тек ғана нәтийжесиз болып емес, ал мәниссиз де болып қалады. Руўхый тараўды қәлиплестирмей турып адамның ҳәм жәмийеттиң раўажланыўы, бул жағдайларда соған алып келеди, бунда адам өзиниң жекке инсанлық өсиўиндеги қарама-қарсылықларды жеңиўге ҳәм руўхый байлықлардың дөретиўшиси ҳәм жаратыўшысы сыпатында руўхый раўажланыўдың жаңа дәрежесине шығыўға уқыплы болған, искерликтиң белсенди дөретиўши субъекти сыпатында раўажланбайды, ал тек ғана социаллық мүмкиншиликлерден, технологиялық системалардан пайдаланыўшыға айланып қалады.

Адамның эстетикалық раўажланыўы, тәрбияланыўы, жетилистирилиўи мәселелери жәмийетти бәрҳама ҳәм барлық заманларда да ойландырды. Бул мәселени иске асырыў ушын, барлық тараўды өз ишине алатуғын, инсанның эстетикалық тәрбиясы тараўындағы терең илимий изертлеўлер зәрүр.

Эстетикалық тәрбия машқаласы, улыўма адамзатлық машқала болып табыла отырып, барлық ўақытта да тынышсызландырды. Ҳәзирги заман жағдайында инсанның эстетикалық тәрбиясы жәмийетке, оның раўажланыўының барлық басқышларында талап етиледи. Ўақыттың аз ғана аралығында жүз беретуғын, өмирдеги өзгерислердиң муғдары адамнан, қәлеген өзгерислерге дөретиўшилик ҳәм нәтийжелилик пенен қатнаста болыўға мүмкиншилик беретуғын сыпатларды қатаң талап етеди.

Бүгинги күнниң ең әҳмийетли талаплары инсанның эстетикалық тәрбиясы процесин тереңирек изертлеўдиң зәрүрлиги болып табылады. Эстетикалық тәрбия, (дүньяға көркемлик көз қарастың толық қәлиплесиўиниң бөлеги сыпатында да), инсанның ҳәр тәреплеме, барлық жағынан раўажланыўы системасының ең әҳмийетли элементлериниң бири. Эстетикалық тәрбия түсинигин қарай отырып, биз оның, улыўма алғанда гөззаллық тараўындағы сезимлердиң қәлиплесиўи процесин билдиретуғынлығын түсинемиз. Бирақ эстетикада бул гөззаллық көркем өнер менен, ҳақыйқатлықтың адамның санасында ҳәм сезимлеринде көркемлик сәўлелендирилиўи менен, оның гөззаллықты түсиниў, өмирде оны басшылыққа алыў, оған тийкарланыў ҳәм оны дөретиў уқыплылығы менен байланыслы. Бул мәнисте эстетикалық тәрбияның тийкарғы мазмуны, ондағы көркем өнердеги ҳәм өмирдеги гөззаллықты толық баҳалы қабыл етиў ҳәм дурыс түсиниў уқыплылықларды қәлиплестириўге, эстетикалық түсиниклерди, қызығыўшылықларды ҳәм идеалларды жетистириўге, ҳәм сондай-ақ көркем өнер тараўындағы дөретиўшилик зейинлиликлерди ҳәм талантларды раўажландырыўға бағдарланған, жекке адамның ҳәр түрли көркем-эстетикалық искерлигин шөлкемлестириўден ибарат.

Эстетикалық тәрбия көркем өнер жәрдеминде иске асырылатуғынлығы себепли, оның мазмуны инсанларды көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлерине ҳәм жанрларына – әдебиятқа, саз өнерине, сүўретлеў өнерине – қатнастырыўды ҳәм үйрениўди өз ишине алыўы тийис. Эстетикалық тәрбияның ең әҳмийетли тәрепи, сондай-ақ, өмирдеги, тәбияттағы, адамның әдеп-крамлылық келбетиндеги ҳәм минез-қулқындағы гөззаллықты үйренип билиў болып табылады.

Эстетикалық тәрбияның мазмунының әҳмийетли тәреплериниң бири, оның жекке адамның инсанлық раўажланыўына қаратылғанлығы болып табылады. Ол, усы раўажланыўдың қандай тәреплерин өз ишине алыўы тийис? Биринши гезекте, инсанда көркем өнер тараўындағы, жәмийеттиң көркемлик қунлылықларын түсиниўдеги эстетикалық умтылыўшы талапларды, зәрүрликлерди қәлиплестириў керек. Эстетикалық тәрбияның мазмунының ең әҳмийетли элементи көркемлик түсиниўди, қабыл етиўди, өзлестириўди раўажландырыў болып табылады. Бул түсиниўлер эстетикалық қубылыслардың кең көлемин өз ишине алыўы тийис. Атап айтқанда, инсанды көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлериндеги, тәбияттағы, қоршап турған өмирдеги ҳәм адамлардың минез-қулқындағы гөззаллықларды түсиниўге үйретиў керек.

Эстетикалық тәрбияның әҳмийетли қурам бөлеги, көркем өнерди түсиниў ҳәм ҳақыйқат қубылысларды көркемлик сәўлелендириў мәселелери бойынша өзиниң ой-пикирлерин көрсете алыў уқыплылығы менен байланыслы болған билимлерди ийелеў болып табылады. Буның менен, инсанда көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлеринде ҳәм жанрларында усы ҳақыйқатлықты сәўлелендириўдиң өзине тән айрықшалықлары ҳаққындағы түсиниклерди ҳәм көз алдына елеслетиўлерди қәлиплестириў, көркем өнердиң мазмунын ҳәм көркем-эстетикалық бағдарланғанлығын таллаў уқыплылығын жетистириў байланыслы.

Эстетикалық тәрбияның мазмунында жасларда, гөззаллықты түсиниў ҳәм басынан кешириў менен байланыслы болған, көркемлик қызығыўшылықты, көркем талғамды қәлиплестириў үлкен орын ийелейди. Ҳақыйқый көркем өнер шығармасының гөззаллығын ҳәм үнлесиклилигин сезиўди, көркемлик талапшаңлықты көрсетиўди, сондай-ақ жүрис-турыс мәдениятын арттырыўға умтылыўды үйретиў керек.

Жуўмағында, эстетикалық тәрбия көркем өнердиң пуқаралық тийкарын ашыўға ҳәм мәнисин түсиниўге бағдарланған болыўы ҳәм жәмийетлик көз қараслардың ҳәм исенимлердиң, ҳәм сондай-ақ әдеп-икрамлылықтың қәлиплестирилиўине жәрдем бериўи тийис [1:56-67].

Көркем өнер шығармаларын үйрениўде, олардың пуқаралық ҳәм әдеп-икрамлылық бағдарланыўшылығын ашыў ҳәм оларды инсанның әдеп-икрамлылық қәлиплесиўи мақсетлеринде пайдаланыў оғада әҳмийетли мәниске ийе. Буның ушын, ҳақыйқый көркем өнер шығармасы бәрқулла өмир ҳақыйқатлығын, гөззаллықты дөретиўшилик пенен жаратыўдың йошлы көтериңки руўхын тастыйықлайтуғынлығын, адамлардың алға илгерилеўшиликке, жақсылық, еркинлик ҳәм әдиллик идеалларын иске асырыўға умтылыўын жигерлендиретуғынлығын түсиниўди жетистириў керек. Ўатанды сүйиўшилик, жәмийеттиң өмириндеги барлық, ҳәр қандай надурыслықлар менен гүресиў, дөретиўши-адамның руўхый гөззаллығын раўажландырыў – ең жақсы көркем классика шығармаларының идеялық бағытланыўшылықлары мине усындай.

Инсанның эстетикалық қәлиплестирилиўи бойынша жумыстың педагогикалық мәниси, оған жүрис-турыстың ең әпиўайы көнликпелеринен баслап, ол жерде өз бетинше шешим қабыллаў ҳәм әдеп-икрамлылық таңлаў талап етилетуғын, бир қанша жоқарырақ дәрежеге қарай алға илгерилеўге көмеклесиўден ибарат [2:15-21].

Педагогикалық тәсир көрсетиўден тысқары, инсанның эстетикалық сыпатларының қәлиплесиўине көп санлы жағдай-факторлар тәсир етеди: социаллық орталық, искерликтиң ҳәр қыйлы түрлери, қатнаслардың жетекши түрлери, жынысый жетилгенлик бойынша айырмашылықлар, соның менен бирге инсанның әдеп-икрамлылық санасының

қәлиплесиўине адамның өсиўиндеги ҳәр бир жасаған жасы да өзиниң үлесин қосады; бизиң елимизде қәлиплескен социаллық жағдай да инсанның қәлиплесиўине өзиниң тәсирин тийгизеди.

Ҳәм бул жерде, инсанның зәрүрли сыпатларын қәлиплестириўдиң тийкары сыпатында – мақсетке умтылдырыўшы себепти атап өтиўимиз керек. С.Л.Рубиинштейн өзиниң мийнетинде, баланың искерлигиниң мақсетке умтылдырыўшы себеплерине түсине алмайтуғын оқытыўшы, негизинен ойланбастан жумыс ислейди, деп жазды [3:485].

Мақсетке умтылдырыўшы себепке оқытыўдың мүмкин емеслиги де әҳмийетли жағдай болып табылады. Мақсетке умтылдырыўшы себепти жаратыўға, көтермеп жағдай туўдырыўға, арттырыўға ҳәм раўажландырыўға болады. Сонлықтан, оқыў дөретиўшилик процесиниң мақсетке умтылдырыўшы себебин қәлиплестириў толық дәрежеде оқытыўшының педагогикалық шеберлиги менен белгиленеди. Жақсы баҳа алыўға умтылыў себебин оқыў процесиниң өзинен ләззет алыў себебине айландырыў зәрүр. Және де, дөретиўшиликтиң мақсетке умтылдырыўшы себеплерин тәрбиялаўды көз алдына келтириўди, ойлаўды, күшли тәсирли сезимлерди тәрбиялаўға бағдарлаў зәрүр.

Бул жерде ойлаўдың өзиниң раўажланыўы жағдайы, соның менен бирге оның барлық түрлеринде ҳәм көринислеринде, биринши орынға шығады. Мектептеги оқытыў (үйретиў) процеси ўақтында оқыўшыда рәсмий-логикалық, илимий, әмелий ҳәм образлы ойлаўды раўажландырыў керек. Бул жерде адамның психикасының қызғын тәсирлениўши тәрепи үлкен дыққатқа ылайық. Көз алдына келтириўдиң ҳәм қызғын тәсирлениўши сезимниң усы аспект тәрепине Л.С.Выгодский көрсетти [2:90]. Қызғын тәсирлениўши сезимлер дөретиўши искерликтиң мақсетке умтылдырыўшы себеплериниң пайда болыўында әҳмийетли роль ойнайды. Демек, дөретиўши инсанды тәрбиялаў ушын, оның толық раўажланыўына жәрдем беретуғын арнаўлы жағдайларды жаратыў керек. Сонлықтан, педагогикалық ис тәжирийбесинде, оқыўшыларды дөретиўшиликке умтылдырыўшы себеплерди пайда етип мотивациялайтуғын, оларда ойлаўды, көз алдына келтириўди, қызғын тәсирлениўши сезимлерди раўажландыратуғын методларды ҳәм усылларды қолланыў зәрүр.

Бул мәселени шеше отырып оқыўшылардың жекке өзине тән айрықшалықларына ҳәм уқыплылықларына сүйенип тийкарланыў керек. Тәрбиялаўдың тийкарында педагогика ҳәм психология илимлериниң заманагөй жетискенликлерине тийкарланған методикалар болыўы тийис.

Сондай-ақ, дөретиўшилик мүмкиншиликтиң раўажланыўының әҳмийетли жағдайы инсанның еркинлиги болыўы тийис. Искерлик түрлерин таңлаў ҳәм өзгертиў еркинлигине ийе бола отырып, инсан сыртқы дүньяның объектлери менен көп түрли өз-ара байланыста болыў мүмкиншилигин алады, бул болса, санада көп санлы ҳәр түрли образлардың ҳәм олардың үйлестирилиўлериниң жаратылыўын келтирип шығарады.

Ҳәзирги заман жағдайларында дөретиўши инсан жәмийетке, оның раўажланыўының барлық басқышларында керекли болады. Ўақыттың аз ғана аралығында жүз беретуғын, өмирдеги өзгерислердиң муғдары адамнан, қәлеген өзгерислерге дөретиўшилик ҳәм нәтийжелилик пенен қатнаста болыўға мүмкиншилик беретуғын сыпатларды қатаң талап етеди. Сонлықтан, тез пәт пенен жүз берип атырған сиясий, экономикалық, идеологиялық өзгерислер жағдайында болып атырған бизиң жәмийетимиздиң баслы ўазыйпасы дөретиўши инсанды тәрбиялаў болып табылады. Солай екен, ҳәзирги заман билимлендириўиниң баслы ўазыйпасы, ғәрезсиз, еркин дөретиўши инсанды тәрбиялаў болып табылады, себеби, атап айтқанда дөретиўши адам адамзаттың алға илгерилеп өсиўин белгилейди.

## Әдебиятлар


1. Иванов Ю.А. Воспитание творческой личности в условиях общеобразовательной школы. – Брест: Изд-во Брестсл. ун-та., 1998.
2. Выготский Л.С. Воображение и творчество в детском возрасте: психологич. очерк: кн. для учителя 3-е изд. – М.: «Просвещение»1991.
3. Рубинштейн С.Л. Основы общей психологии: В 2 т. Т. 1. АПН СССР. – М.: «Педагогика», 1989.



**РЕЗЮМЕ.** Мақола шахсни шакллантиришнинг асоси сифатида инсонни эстетик тарбиялаш муаммосига бағишланган. Муаллиф эстетик тарбиянинг мақсад ва вазифаларини очиб беради, ижодий шахснинг шаклланиши ва ривожланиши жараёнига таъсир этувчи энг муҳим омиллар кўриб чиқилади. Шахснинг эстетик ривожланиши жараёнида санъатнинг ўрни ва ролига катта эътибор берилади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена проблеме эстетического воспитания человека как основа формирования личности. Автор раскрывает цели и задачи эстетического воспитания, рассматривает наиболее важные факторы, влияющие на процесс формирования и развития творческой личности. Большое внимание уделяется роли и месту искусства в процессе эстетического сложения личности.

**SUMMARY.** The article is devoted to the problem of aesthetic education of a person as the basis for the formation of personality. The author reveals the goals and objectives of aesthetic education, considers the most important factors influencing the process of formation and development of a creative personality. Much attention is paid to the role and place of art in the process of aesthetic development of the individual.